

**Kisa Lwa
McKinney-
Vento Act
egzije lekòl
yo pou fè
pou timoun
Ki pedi Kay
yo?**



Lekol la dwe fe tout sa ki posib pou kenbe timoun lan nan lekòl ke li te ye avan li te pedi kay li. Exsepte si paran oubyen moun ki responsab timoun lan ta chwazi yon lòt lekòl.

Timoun lan gen dwa kontinye al lekòl ke li te landan an toutotan ke li pa gen kote pou li rete.

Lekol yo dwe retire tout baryè ki ka lako timoun lan genyen delè lè lap enskri. Sa vle di lekòl la sipoze anrejistre elèv ki pa gen kote pou rete oubyen ki pedi kay li imediatman. Apre rejistrasyon finn fet, li va pote res enfòmasyon yo.

Chak lekòl sipoze gen kontak enfòmasyon pou depatman distri a ki an chaj pou ede pou edikasyon timoun ki pa gen kote pou rete

Chak lekòl sipoze genyen tout enfòmasyon ki gen pou wè ak dwa ke timoun la genyen lè li pa gen kote pou li rete.

Lekol yo dwe garanti elèv la ak inskripsyon e ofri tout opotinite ki supoze edel fè byen lekòl. Tankou patisipasyon nan pwogram (Head-Start, Early Head Start, PresKolè, edikasyon Espesyal etc.).

Kodinatè Leta Florid:

Depatman Administrasyon Title I
Pwojè UP-START

305 995-7558 (Biwo Santral)
305-242-8426 (Teritwa Sid)
305-572-2800 (Teritwa Nò)

<http://projectupstart.dadeschools.net>

The School Board of Miami-Dade County Bylaws & Policies

Visite

<http://projectupstart.dadeschools.net> pou
plis enfòmasyon sou pwogram nan ak aksè
nan règleman konsèy 5111.01.


Enfòmasyon sou Leta:

Florida Department of Education
Bureau of Federal Educational Programs
Homeless Education Program
Tallahassee, Florida 32399-0400
850 245-0089

Sit entènèt l'eta

<http://www.fldoe.org/bsa/title1/titlex.asp>

Florida's McKinney-Vento Program



Homeless Education Program
Bureau of Federal
Educational Programs
Florida Department of Education



Ede Elèv ki pedi
Kay yo




Konekte espas
Lakay ak Lekòl

Chak timoun gen dwa resevwa yon edikasyon

Si ou pedi kay ou akòz de problem ekonomik, dezaz natirèl, oubyen pou yon rezon parèy, epi wap viv avek yon zanmi oubyen fanmi, oubyen nan yon shelter, motel; siw ap viv nan machinn, nan lari oubyen nan yon kay abandone, ou kalifye pou ou resevwa èd sou Lalwa McKinney-Vento Act.

Pitit ap kapab kalifye pou li:

- Ale nan lekòl ke yo te ye oparavan oubyen lekòl ki nan zòn li, kelkeswa address li ousinon kantite tan li gen kote lap viv.
- Kontinye swiv class nan dènye lekòl yo te ye a, avan yo te pèdi kay yo, si se sa paran chwazi, oubyen si se sa kap nan avantaj elèv la akòz de sityasyon li ap viv la.
- Anrejistre nan lekòl sanl pa di kotel rete.
- Ale nan klass pandan ke lap prepare transfè li, oubyen dokiman vaksinasyon, ousinon nempot lot dokiman li ta sipoze genyen pou anrejistre.
- Swiv klass pandan ke paran ap eseye anrejistre'l nan lekòl la.
- Resevwa transportasyon nan lekòl ke yo te ale, avan yo pedi kay yo. Si tout fwa paran ta mande sèvis sa yo.
- Patisipe nan nenpot program ousinon sèvis ke lekòl la ofri depi ke yo kalifye



Kesyon ke paran dwe poze lekòl la

Timoun la ap toujou ankouraje, lè ou montrel ke ou interese nan zafè lekòl li (devwa li).



Epi tou, yo benefisye lè ou pran tan ou pou ou vizite lekòl li epi mande keksyon nesèsè.

Men Kek kesyon ou kapab mande lew al lekòl pitit ou a :

- Kiyès ki ede timoun ki pa gen kay pou rete?
- Kijan mwen ka fe jwenn transpotasyon pou timoun mwen.
- Kiyès ki ka edem tranfere tout enfomasyon sim ta deside transfere lekòl?
- Eske genyen program preskolè
- Eske gen pwogram nan vakans
- Eske pitit mwen ka jwenn èd akademik
- Eske gen program pou pitit mwen sil bezwen edikasyon espesyal, kijan mwen ka fe yo evalye elèv la.
- Si pitit mwen gen yon talan espesyal (mizik, Spò, etc...) eske genyen klass ke li ka benefisye?
- Eske gen lot aktivite deyo klass ke pitit mwen ka patisipe?
- Kijan pitit mwen ka resevwa manje gratis?
- Kijan li ka jwenn founiti eskolè?
- Kijan pitit mwen ka patisipe nan promenade klass li ap fè, sil pa ta genyen lajan an.

Pwogram Breakfast Ak lunch gratis

Timoun ki nan lekòl piblik benefisye nan pwogram manje gratis ke gouvènman federal mete an plas. An plis de sa, timoun ki pa gen kote pou rete ka benefisye nan pwogram.



Sèvis Edikasyon Espesyal

Timoun ki rete nan eta florid, soti nan laj 3 an rive nan laj 22 epi ki kalifye pou "Edikasyon eksepsyonèl (ESE)" kapab resevwa anpil sevis ke sistem lekòl gen ki disponib.

Paran ki kwè ke pitit yo kapab genyen yon problem mantal kelkonk, ou kapab mande pou yon evalyasyon nan lekòl pitit yo a. Si timoun nan kalifye, sa a pèmèt li resevwa edikasyon espesyal e lòt sevis ki nesèsè. Ou kapab kontakte ESE oubyen Sevis Pou Etidyan ki nan district ou a (Students Services) pouw ka jwenn plis enfomasyon sou pwogram pou timoun ki genyen pwoblem sa yo.